



Pou Piblikasyon Imedya: 15/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TWAZYÈM FAZ SIBVANSYON FON
KOMÈSYALIZASYON BYODEFANS LAN POU KONBAT MENAS MALADI
KONTAJYE YO**

Jiskaprezan, yo te bay 11 jèn konpayi ak 16 enstitisyon akademik plis pase 25 milyon dola

3 milyon dola pou benefisyè twazyèm fwaz yo ki konsantre sou dyagnostik rapid ak pwèn sèvis ak zouti siveyans yo

Kenbe Eta New York nan avangad dekouvèt ak devlopman maladi kontajye

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a twazyèm faz benefisyè Fon Komèsyalizasyon Byodefans Eta New York (New York State Biodefense Commercialization Fund) la ki koute 40 milyon dola. Pwogram lan te kreye pou akselere devlopman ak komèsyalizasyon inovasyon nan syans lavi ki abòde menas maladi kontajye grav ki enkli COVID-19 ak varyant li yo, pandan l ap kreye djòb tou epi ankouraje kwasans kontinyèl atravè sektè syans lavi k ap devlope nan New York la. Sou apwobasyon Konsèy Direktè Empire State Development lan, yo pral bay kat sibvansyon pou faz sa a, ki reprezante yon angajman konbine plis pase 3 milyon dola.

"Pou pwoteje sante Nouyòkè yo ak jenerasyon k ap vini yo, n ap asire Eta New York se yon lidè nan dekouvèt dènye kri sou maladi kontajye yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sibvansyon sa yo pral kontinye atire djòb ak investisman enpòtan pou nou kapab kontinye bati ekosistèm syans lavi ki pi solid nan nasyon an."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Fon Komèsyalizasyon Byodefans lan ap benefisyè eta a nan yon bann fason —fasilite chemen komèsyalizasyon pou rechèch inovatè, ajoute travay ak finansman investisman, atire finansman ki pa egzije ekite ak ankouraje kwasans ekosistèm syans lavi nou an."

Benefisyè twazyèm faz ki rekòmande yo enkli:

- Rover Diagnostics (Brian Caplin, PhD) – 1.8 milyon dola – Platfòm Tès Anplifikasyon Asid Nikleyik ki Adaptab ak Abòdab (NAAT) an tan reyèl pou devlopman rapid dyagnostik, repons ak siveyans:** Rover Diagnostics ap bati sou teknoloji inik li yo te demontre deja pou devlope katouch konsomab ki pi ba pri a pou ranmase ak trete prelevman nan mache dyagnostik molekilè a, ak yon platfòm ouvè kote nouvo tès anplifikasyon asid nikleyik ka rapidman enkòpore nan platfòm la. Solisyon li a ap devlope pou sipòte chèchè byodefans ak devlopè tès pou fasilman enkòpore twous pre-fabrike oswa fasilman devlope tès laboratwa *de novo* pou menas byolojik emèjan epi pèmèt fabrikasyon fasil ak solidite nan deranjman chèn apwovizyonman.
- Icahn School of Medicine at Mount Sinai (Gang Fang, Ph.D.) – (498,365 dola) – Siveyans presi, sansib a krantab pou rezistans antibiyotik:** Pou kontourne defi ki asosye ak pratik klinik aktyèl yo avèk apwòch ki baze sou PCR, Doktè Fang ak ekip li a ap devlope yon nouvo zouti ki gen entansyon reyalize alafwa gwo sansiblite ak espesifite pou siveyans rezistans antibiyotik. Ekip la pral konsantre sou demontre evolisyon ak solidite nan yon premye aplikasyon enfeksyon nan pasaj pipi (UTI), ki trè gaye pami fanm ak granmoun aje, apre sa ki gen ekspansyon nan lòt endikasyon.
- Columbia University (Ian Lipkin, M.D.) – (500,000 dola) – CapSeq: yon zouti sansib pou dyagnostik diferansyèl rapid maladi kontajye ak deteksyon eleman rezistans anti-mikwòb:** Sant pou Enfeksyon ak Iminite a ap konbine de tès dyagnostik, VirCapSeq-VERT ak BacCapSeq, pou kreye yon platfòm pisan, konplè pou siveyans ak dyagnostik diferansyèl maladi kontajye yo. VirCapSeq-VERT detekte tout viris mamifè ak zwazo yo konnen yo e li gen kapasite pou detekte viris emèjan k ap poze risk pandemik. BacCapSeq se sistèm korelasyon pou detekte patojèn bakteri epi tou li bay done sou eleman rezistans antimikwòb (AMR) ki ka enfòmè seleksyon antibiyotik bonè nan dewoulman enfeksyon an. Zouti sa yo pral pèmèt siveyans mikwòb agnostik nan yon seri aplikasyon tankou dyagnostik klinik, depistaj pwodwi sangen ak analiz dlo ize.
- Niagara University (Mary McCourt, Ph.D.) – (261,488 dola) – Devlopman yon Terapetik Anti-Viral Jeneral ki Itilize Teknoloji Kolestozòm:** Laboratwa Doktè McCourt ap devlope teknoloji ki pote kolestozòm pou kontoune regilasyon zenk kò a, sa ki pèmèt konsantrasyon entraselilè ki kapab fè yon repons jeneral antiviral. Zenk se yon metal tras enpòtan nan kò imen an, li biyolojikman esansyèl nan pwosesis selilè, epi li ka anpeche replikasyon entraselilè nan yon varyete patojèn viral. Ekip la gen pou objektif demontre ke zenk ki vin nan kapsil kolestozòm gen kapasite pou gen yon enpak pozitif sou rezilta pasyan yo an repons a enfeksyon patojèn epi ogmante preparasyon pou pwochen epidemi viral oswa pandemi.

Atravè twa faz aplikasyon, yo te bay 11 jèn konpayi ak 16 enstitisyon akademik 25.5 milyon dola nan sibvansyon Fon Komèsyalizasyon Byodefans lan. Depi kreyasyon li an septanm 2021, Fon Komèsyalizasyon Byodefans lan te ede pote solisyon pou maladi kontajye sou mache a, ki enkli dyagnostik, terapi ak lòt inovasyon ki abòde oswa redui pwopagasyon maladi kontajye grav yo. Benefisyè Fon Komèsyalizasyon Byodefense anvan yo deja demontre enpak ekonomik pozitif pwogram sa a, lè yo te jwenn 359 milyon dola nan finansman ekstèn, yo te kreye 22 nouvo djòb nan Eta New York ak depoze 22 aplikasyon patant.

Se yon Komite Egzekitif ki jere Fon Komèsyalizasyon Byodefans lan ki gen ladan reprezantan ki soti nan Depatman Sante Eta New York, Columbia University, Mount Sinai School of Medicine ak de fon pou antrepriz riske. Yon gwoup ekspè ki soti nan endistri byofamasetik, kominote antrepriz riske nan domèn syans lavi, ak syantifik akademik yo pral revize, evalye ak bay ESD rekòmandasyon sou aplikasyon yo soumèt yo. Anplis de sa, gen plis pase 40 konseye ki gen ekspètiz pwofon nan antreprenarya ak nan devlopman ak komèsyalizasyon biyofamasetik pou ede benefisyè yo fè avanse teknoloji yo nan direksyon komèsyalizasyon.

Pwojè ki te jwenn sibvansyon yo sipòte tou efò devlopman ekonomik Eta a nan pwofite pwogram li yo an favè konpayi yo ak nan kreyasyon/konsèvasyon djòb ak deblokaj kapital siplemantè. Konpayi yo ki te jwenn yon sibvansyon Fon Komèsyalizasyon Byodefans dwe angaje pou rete nan Eta New York epi fè biznis nan fason kontini pou yon minimòm twa zan apre achèyman sibvansyon an.

Nou envite jèn konpayi yo k ap devlope dyagnostik ki pwometè, vaksen, terapi ak lòt inovasyon pou anpeche, trete oswa diminye menas maladi enfektye grav yo aplike pou sibvansyon jiska 4 milyon dola. Enstitisyon rechèch akademik New York yo te kapab aplike tou pou sibvansyon jiska 500,000 dola pou ede akselere swivi pwopriyete entèlektyèl avanse nan syans lavi yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou Fon Komèsyalizasyon Byodefans lan isit la.

Inisyativ syans lavi 620 milyon dola Eta New York la

Eta New York te pwomilge yon inisyativ 620 milyon dola pou ankouraje devlopman yon nouvo gwoup rechèch sou syans lavi ki gen kalib mondyal nan New York, ansanm ak elaji kapasite eta a pou l komèsyalize rechèch sa a epi devlope ekonomi an. Inisyativ ki gen plizyè aspè sa a gen ladan 320 milyon dola pou pwogram estratejik ki atire nouvo teknoloji sou syans lavi nan eta a, ankouraje envestisman enpòtan nan sektè piblik ak prive nan domèn syans lavi k ap emèje yo ak kreye epi agrandi biznis ak travay ki gen rapò ak syans lavi nan New York. Li Plan Estratejik Inisyativ pou Syans Lavi Eta New York la isit la.

Sektè Syans Lavi a anglobe domèn byoteknoloji, famasetik, teknoloji byomedikal, teknoloji sistèm lavi yo, epi li enkli òganizasyon ak enstitisyon ki devwe majorite efò yo nan diferan faz rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon yo. Chak jou, konpayi nan sektè sa a ap devlope nouvo pwogrè medikal ak famasetik ki gen potansyèl

pou sove lavi, swa atravè nouvo terapi yo oswa deteksyon maladi nan premye faz yo tankou kansè ak maladi newolojik yo. Antrepriz sa yo ap fè pwogrè konsiderab tou nan domèn byoteknoloji agrikòl ak anviwònmanal, ki ap ede kreye yon avni ki pi pwòp epi ki pi dirab.

Lè li ranfòse ankourajman gras a rekonpans, investi nan enstalasyon, epi amelyore aksè a talan ak ekspètiz, New York pral ogmante yon fason konsiderab pati pa li nan rechèch ak devlopman ke endistri a finanse, soutni komèsyalizasyon rechèch akademik ki egziste yo, epi entegre nouvel jenerasyon teknoloji avanse yo. Anplis pwogrè nan syans, inisyativ sa ap mete New York nan pozisyon pou li vin yon leman pou antrepriz fakribasyon ki fèk parèt yo, epi konsa ranfòse ekonomi rejyonal yo epi kreye plizyè milye djòb.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)